

# OU PA GEN ASIRANS MEDIKAL? OU BEZWEN SÈVIS POU COVID-19?

**Tès, tretman ak vaksen kont COVID-19 gratis.**

## Kiyès ki ka jwenn sèvis yo?


Nenpòt moun ki pa gen asirans medikal, kèlkanswa estati imigrasyon li. Yo ka mande w pou bay yon nimewo Sekirite Sosyal epi/oswa yon pyès idantifikasyon gouvènman an bay, men sa **PA** obligatwa.

## Ki sa ki gratis?

- ✓ Tès pou COVID-19
- ✓ Tretman pou COVID-19
- ✓ Vaksen kont COVID-19

## Ki jan l fè gratis la?

Yon pwogram federal pou **moun ki pa gen asirans** peye pou sèvis COVID-19 yo ofri nenpòt moun ki pa gen asirans medikal.



## Plis enfòmasyon

### Pou pasyan yo

<https://www.hhs.gov/coronavirus/cares-act-provider-relief-fund/for-patients>

### Pou founisè swen medikal yo

<https://coviduninsuredclaim.linhhealth.com>

## Kèk detay enpòtan

- **Tout moun elijib pou sèvis COVID-19, kèlkanswa estati imigrasyon yo.** Tès, tretman oswa vaksinasyon gouvènman federal la peye pou yo **pa pral afekte estati imigrasyon pèsòn ni nonpli yo pa pral pataje yo avèk ajans imigrasyon yo.**
- Si w pa gen asirans epi w resevwa yon bil ki gen rapò ak tès oswa tretman pou COVID-19, mande founisè w la pou l voye bil la bay pwogram HRSA COVID-19 pou moun ki pa gen asirans olye l voye l ba w.
- **Yo paka chaje w pou sèvis COVID-19 si w pa gen asirans epi gouvènman an ap peye pou founisè swen medikal ou a pou swen ou resevwa.** Si w resevwa yon bil, epi w te deja peye l, yo ka dwe w yon ranbousman epi ou ta dwe pale dabò ak moun oswa etablisman ki te voye l ba w la. Si yo pa anile l la oswa remèt ou lajan w, kontakte liy asistans biwo enspektè jeneral HHS la nan 1-800-HHS-TIPS oswa vizite <https://TIPS.HHS.GOV> pou pote yon plent.
- **Ou pa bezwen yon nimewo Sekirite Sosyal oswa yon pyès idantifikasyon gouvènman an bay** pou resevwa sèvis COVID-19 gratis.
- Doktè, famasi oswa klinik lan ka mande w pou enfòmasyon sa a men se **sèlman pou ede yo konfime ou pa gen asirans** konsa yo ka jwenn pèman nan pwogram pou moun ki pa gen asirans lan.
- **W ap toujou ka jwenn tretman, fè tès oswa pran vaksen kont COVID-19 si w paka bay yon nimewo Sekirite Sosyal oswa yon pyès idantifikasyon gouvènman an bay.**
- **Yo paka chaje w pou vaksen kont COVID-19 la.** Si w resevwa yon bil, ou ta dwe pale dabò ak moun oswa etablisman ki te voye l ba w la. Si yo pa anile l, kontakte liy asistans ofis enspektè jeneral HHS la nan 1-800-HHS-TIPS oswa vizite <https://TIPS.HHS.GOV> pou pote yon plent.